



Orange Township Public Schools

Orange High School

Mr. Jason Belton, Principal



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Superintendent of Schools

Dr. Shadin Belal, Direktris Asistan -Klas 10 yèm Ane
Mr. Anthony Frantontoni, Direktè Asistan- Klas 11yèm Ane
Mrs. Kavita Cassimiro, Direktris Asistan- Klas 12yèm Ane

DEPATMAN ATLETIK ORANGE HIGH SCHOOL

7 Oktòb 2020

Chè Elèv-atlèt, Antrenè, Fanmi, ak Fanatik nan Orange:

Aprè ke nou fin konplete premye konpetisyon sezon Otòn 2020 Tornadoes Orange High School la, nou kontan rapòte ke elèv-atlèt yo, antrenè, anplwaye, fanmi, ak kominote a te fè yon travay ekselan nan swiv direktiv ki tabli pa Lekòl Piblik Orange, NJSIAA, ak Depatman Sante NJ. Atravè tout eta a, dè milye de konpetisyon atletik te fèt san okenn ensidan epi yo te reyisi pou lekòl yo ak kominote yo. Pèsonèlman, nou te wè jwè yo, antrenè yo, ofisyèl yo, fanmi yo, ak fanatik yo te swiv direktiv distans sosyal yo pou asire ke pitit nou yo kapab fè konkirans, sa te sètènman rekonfòtan, epi se te yon trè bon jès tou.

Kòm sezon nou an ap vanse, pi gwo priyorite nou nan Depatman Atletik Orange High School, ansanm ak Biwo Sipèèntandan an ak Konsèy Depatman Edikasyon nou an se sante, sekirite, ak pwoteksyon kontinyèl timoun nou yo, antrenè yo, anplwaye yo, ak kominote a. Nou pral fè tout sa ki nesesè pou asire ke nou ofri yon anviwònman ki an sekirite pou elèv-atlèt nou yo fè konpetisyon. Pandan ke nou konsantre sou pwoblèm ki antoure pandemi COVID-19 la, gen lòt aspè pou byennèt timoun nou yo ki dwe adrese tou. Atletik nan Orange High School gen yon istwa fyè epi enteresan ki sipòt pa fanmi nou yo ak kominote a depi anpil, anpil ane. Fanmi elèv-atlèt nou yo se pi gwo fanatik ak pi gwo pilye sipò yo, epi nou ta manke a devwa nou si nou pa ta bay timoun nou yo sipò ke yo merite.

Aprè anpil konvèssasyon avèk Sipèèntandan nou an, Dr Gerald Fitzhugh, II, ansanm ak chita tande avèk lòt Direktè Atletik nan zòn nou an, Depatman Atletik Orange High School kounye a ajiste pozisyon nou sou espektatè nan evènman lakay nou yo. Pou match 9 Oktòb vs West Side la, nou pral pèmèt fanmi elèv-atlèt yo ale nan evènman atletik lakay nou yo. Prezans nan vizite espektatè ekip yo ap kontinye fèt sou restriksyon nan moman sa a. Match/Jwèt Foutbòl nan Bell Stadium lan ap difize tou Andirèk sou kont Facebook Lekòl Piblik Orange lan. Chak elèv-atlèt pral resevwa yon kòd tikè pou pèmèt **de manm fanmi yo** patisipe nan match/ jwèt lakay nou yo. Tout fanmi ki patisipe nan evènman yo dwe konfòme yo avèk direktiv ki tabli pa Lekòl Piblik Orange, NJSIAA, ak Depatman Sante NJ yo. **Sa gen ladann kouvri figi obligatwa pou rantre nan Bell Stadium lan epi yo dwe rete jiskaske lè depa a rive. Analiz tanperati yo ap fèt, epi tout moun dwe ranpli von Fòm Depistaj COVID-19. Distans sosyal distans dwe toujou respekte kote yo kanpe yo.** **Nenpòt vyolasyon direktiv sa yo ap mennen nan retire elèv la nan evènman an.** Desizyon sa a pral revize sou yon baz chak semèn epi yo ka ranvèse tou depan de pwoblèm oswa enkyetid ki gen rapò avèk sante, sekirite, ak pwoteksyon timoun nou yo, antrenè, anplwaye, ofisyèl, ak fanmi yo.

Pwofesonèlman,

Anthony Frantontoni

Anthony Frantontoni

Anthony Frantontoni, M. Ed.
Direktè Asistan Atletik ak Akademik